



Angrè natirèl pou pwodui pi rapid agwo-ekoloji

REJYON BATIS, PLATO
SANTRAL, AYITI

Nan kad pwojè agwoforestye « Zewo Kabòn » AYITI a, yon pati nan pwogram global-FO-RI* a, yon pwojè rechèch- aksyon (rechèch sou tèren) ki te gen pou objektif valorize tout rès dechè ki rete apre rekòt ak apre transfòmasyon yo, pou prepare angrè natirèl k ap pote sa fanm ak gason k ap fè agrikilti yo gen bezwen. Pou moman 2024-2026 la, Inyon Koperativ Kafe Batis (UCOCAB/IKOKAB) te travay nan tèt kole ak Inivèsite Kreyèn Nò Ayiti (UCNH/IKNA) pou devlope resèt ki bon pou zòn nan.

OBJEKTIF YO

- Ede manb IKOKAB yo jwenn lòt pi bon fason pou fè lajan gras ak divès kalite sèvis kolektif yo;
- Mete sou pye yon sant k ap prepare angrè natirèl pou mete an valè tout rès dechè ki soti nan kilti kafe ak kakawo, epi sa ap ede fanm ak gason k ap fè agrikilti nan zòn nan sipann depanse lajan nan achte angrè kòmèsyal(chimik) y ap vann sou mache a;
- Ankouraje fanm ak gason k ap fè agrikilti yo fè plis konpòs epi itilize l nan jaden yo.



METODOLOJI



1. Chèche konnen tout sa ki gen tout kalite matyè òganik disponib ladan yo

- Fè vizit sou tèren epi analize jan yo fè agrikilti ;
- Fè lis tout sa ki se sous matyè òganik ki kapab transfòme ;
- Rasanble enfòmasyon sa yo nan yon rapò rechèch.

2. Eksperimantasyon resèt yo

- Konpòs rapid ;
- Konpòs likid/angrè likid natirèl ;
- Bokachi (metòd pou prepare konpòs ak matyè natirèl yo toufe) ;
- Vèmikonpòs (Lè vè tè transfòme matyè òganik yo pou tounen angrè).

3. Analiz laboratwa

- Analiz fizik ak chimik pou bokachi, konpòs rapid ak po kafe pouri nan laboratwa.

4. Chwa resèt ki parèt gen gwo kapasite yo

- Chwazi angrè òganik ki ka bay pi bon rezilta pou rejyon an.

5. Ranfòse san rete kapasite fanm ak gason k ap fè agrikilti

- Fomasyon sou fason yo prepare angrè ak pestisid¹ natirèl ;
- Agwonòm ak teknisyen ki nan rezo a ap fè swivi tanzantan ;
- Al vizite kote y ap prepare angrè natirèl yo ;
- Fè fanm ak gason k ap fè agrikilti yo konnen sa rechèch la bay.

¹ Remèd kont ensèk ki atake jaden ak kèk maladi plant.

REZILTA RECHÈCH-AKSYON



1. Kisa ki genyen matyè òganik nou jwenn nan zòn Batis?

Rechèch la fè wè aklè yo pa twò itilize majorite rès dechè ki soti nan agrikilti. Poutan, resous sa yo disponib pandan yon bon bout tan nan ane a, ou jwenn yo anpil nan moman y ap rekòlte kafe, kakawo ak tout kalite plant ki nan jaden yo. Yo kapab itilize yon latriye nan matyè òganik sa yo pou fè angrè natirèl:

Matyè ki gen anpil azòt :

- Kaka bèt (fimyè bèf, cheval, poul, elatriye);
- Rès manje ak po manje;
- Fèy vèt ak zèb fre;
- Dechè ki rete apre rekòt plant ki nan jaden (bannann, pwa, mayi, elatriye);
- Po kafe, ak tout lòt dechè nou jwenn ki rete apre transfòmasyon pwodui agrikòl.

Matyè ki gen anpil kabòn :

- Sann (chabon);
- Rip bwa;
- Pay sèch;
- Fèy sèch;
- Bwa, bwa bannann sèch;
- Fèy kann ak zèb elefan sèch.

Lòt bagay :

- Sann

2. Parapò a matyè òganik ak dechè ki disponib yo, ki resèt ki ta pi bon pou prepare angrè òganik ak valorize dechè ki nan zòn Batis?

Rezilta tès laboratwa yo montre twa (3) kalite angrè yo te egzamine yo genyen bon jan eleman nan nannan yo pou ede agrikilti bay bon randman. Kantite matyè òganik ki anpil nan angrè sa yo, bon kantite azòt yo genyen, fosfò, potasyòm ak kalsyòm, epi tou nivo pH la ki yon jan balanse (*toupre 7*) montre aklè kapatise yo genyen pou tè a bay pi bon randman. Sepadan, **bokachi** a parèt kòm pi bon chwa pou zòn nan. Matyè premyè yo (matyè ki nesese anpil yo) fasil pou jwenn, li pa mande twòp depans pou prepare l. Bokachi a kapab fèt rapid, se pou sa fanm ak gason k ap fè agrikilti yo aksepte l san traka nan kominote a. **Po kafe ki pouri** se yon medikaman òganik san parèy pou sistèm agwoforestye ki gen kafe ladan yo. Li pèmèt yo resikle dechè ki soti nan transfòmasyon kafe a, epi retounen bay tè a yon bon kantite eleman k ap nourri li.

Pou sa ki konsène lòt angrè natirèl yo :

- Etid la montre genyen mwayen pou prepare konpòs rapid la si nou rive kontwòl: melanj kabòn/azòt (C/N), imidite, lè k ap sikile, pH la ak tanperati a.
- Te konpòs la, oubyen angrè likid la fè diferans li paske:
 - o Teknikman, li fasil pou fèt ;
 - o Kapasite pou fè tè a rete an sante ak tout tibèt k ap viv ladan l ;
 - o Yon fason senp pou valorize kaka bèt yo.
- Yo ka prepare vèmi konpòs la ak tout rès dechè agrikòl nou jwenn et ki gen kapasite pou ede tè ki fin degrade yo reprann bon jan kalite yo.



Tablo ki konpare twa kalite angrè ki teste yo:

Paramèt	Konpòs rapid	Bokachi/ bokashi	Po kafe pouri
pH	7,2	6,9	6,5
Kondiktivite (mS/cm)	1,56	0,71	0,35
Azòt	Mwayen	Mwayen	Wo
Fosfò	Wo	Wo	Wo
Potasyòm	Wo anpil	Wo	Wo
Kalsyòm	Wo anpil	Wo anpil	Wo anpil
Manyèzyòm	Piti	Piti	Wo
Matyè òganik	Wo anpil	Wo anpil	Wo anpil
Tan reyaksyon	Mwayen	Rapid	Mwayen
Itilizasyon ki konseye	Angrè anba tè	Fertilizasyon rapid	Voye plantasyon kafe yo monte



INOVASYON YO



Demach rechèch-aksyon patisipatif la enplike fanm ak gason k ap agrikilti dirèkteman nan nouvo solisyon y ap chèche devlope.

Mete fanm yo ak jèn yo nan devlopman solisyon agwo-ekolojik yo ak preparasyon angrè òganik yo.

Mete kanpe yon pwodiksyon lokal bokachi, ki itilize matyè premyè yo (matyè ki nesese anpil yo) ki disponib nan zòn nan (kaka bèf, sann (chabon), rip bwa, sik ak ledven.

Teste konpòs rapid la ak yon byostimilan ki fèt ak dlo, sik, ledven pou dekonpozisyon an kapab fèt pi vit.

Lide pwojè pou kreye yon sant kominotè pou prepare angrè òganik, ki ap sèvi kòm sant pou pwodiksyon, pou fè fòmasyon ak demonstrasyon.

Cette publication a été produite avec le soutien financier de l'Union européenne. Son contenu relève de la seule responsabilité des auteurs et ne reflète pas nécessairement les opinions de l'Union européenne.



Financé par
l'Union européenne

AGRICORD

